

Coronavirus Ivy'ukuri n'ibihuha

Hariho ibihuha VYINSHI biriko birazunguruka bijanye na Coronavirus biciye munkuru hamwe no kubibuga ngurukana bumenyi. Turavuga kuri BIMWE mur'ivyo bihuha ngaha, ariko birakenewe cane kudakwiragiza ibihuha. Nkuko twabivuze kare, iACT izobandanya kubashikiriza inkuru zigezweho zijanye na Coronavirus. Nimwaba mukeneye kumenya ibindi, murashobora kurondera kubibuga bizwi nka *Centers for Disease Control and Prevention (CDC.gov)* na *World Health Organization (WHO.int)*. Murashobora kandi kubaza abakozi ba iACT ibibazo vyose mwoba mufise bijanye na Coronavirus. Abakozi ba iACT bakorera muri Amerika bazobandanya bavugana n'abakozi bari hafi yanyu.

• **Igihuha:** Coronavirus ntishobora gushika ahantu hashushe.

Ukuri: Coronavirus irashobora gushika ahantu hose, harimwo no mu bice bishushe.

• **Igihuha:** Kwoga amazi ashushe birashobora kukurinda Coronavirus.

Ukuri: Kwoga amazi ashushe ntibikingira Coronavirus. Ahubwo kwoga amazi ashushe cane birashobora kugira ingaruka mbi kuko arashobora kuguturira.

• **Igihuha:** Coronavirus irashobora kwandukira icye mu mibu.

Ukuri: Oya, gushika ubu ntiharaboneka icerekana ko Coronavirus yandukira icye mu mibu.

• **Igihuha:** Gupompa alcohol, chlorine, canke eau-de-javel ku mubiri wawe birica umugera wa Coronavirus.

Ukuri: Oya. Ntivyica imigera yamaze kwinjira mu mubiri wawe. Kubipompa birashobora kugira ingaruka mbi kumpuzu canke ibihimba vy'umubiri nk'amaso canke umunwa.

• **Igihuha:** Inkingo zirinda indwara zo mu mahaha zirashobora kugukingira umugera mushasha Coronavirus.

Ukuri: Inkingo z'indwara zo mu mahahah ntizirinda umugera Coronavirus. Uyo mugera ni mushasha cane kandi utandukanye n'iyindi kuburyo ukeneye urukingiro rwayo kandi abashakashatsi bariko baragerageza kururondera.

• **Igihuha:** Imbeho irashobora kwica umugera mushasha wa Coronavirus.

Ukuri: Oya, ntampamvu iriho yerekana ko imbeho yica Coronavirus.

• **Igihuha:** Kurya/kunywa _____ birarinda Coronavirus.

Ukuri: Ntakimenyetso kiriho mur'iki kiza cerekana ko kurya canke kunywa ibintu bitandukanye vyakingiye abantu Coronavirus.

• **Igihuha:** Abantu barengeje imyaka 60 nibo bonyene barwara Coronavirus.

Ukuri: Oya, abantu b'imyaka itandukanye barashobora kurwara Coronavirus (Soma igice cerekeranye n'ibimenyetso vy'ingwara)

• **Igihuha:** Imiti ya Antibiotique irafasha mukurinda canke kuvura Coronavirus.

Ukuri: Oya, antibiotique ntizikora mukugwanya imigera.

• **Igihuha:** Hariho imiti yo kurinda canke kuvura Coronavirus.

Ukuri: Gushika ubu, nta miti iraboneka irinda canke ivura Coronavirus.

• **Igihuha:** Coronavirus izohera mu ci.

Ukuri: Oya, ibiza bimaze kurengana ntivyajanye n'ibihe kandi mu maja epfo ici ritangura ibihe vy'imbeho bitanguye mu maja ruguru. Umugera ukwiragiye kw'isi.

• **Igihuha:** Mugihe ugishoboye guhagarika impwemu mu kiringo c'imisegonda cumi, ntuba urwaye Coronavirus.

Ukuri: Oya, abantu benshi bakiri bato barashobora guhagarika impwemu ikiringo kirenga imisegonda cumi naho boba barwaye Coronavirus. Abantu bageze muzabukuru ntibashobora guhagarika impwemu naho boba batayirwaye.

• **Igihuha:** Coronavirus iba mu muhogo. Nywa amazi menshi kugira umugera umanuke munda hanyuma upfireyo.

Ukuri: Coronavirus irashobora kwinjira icye mu muhogo, ariko ica yinjira mu mubiri. Ntushobora kuyozza.

Tangaza kandi muhanahane kino cegeranyo ca iACT ntikumwiragize ibihuha

www.iact.ngo